*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№89 (26541)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 23 май – зæрдæвæрæны мæйы 23 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆХСÆНАД
*Сæ цин, сæ бон*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*"Æнцойбон"*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Бадзырд**

# Цæгат Ирыстон æмæ «Яндекс»-ы æмгуыстадæн – бындур

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æмæ Æнæххæст бæрнондзинады организаци «Яндекс»-ы æхсæнад æмæ паддзахадон хицаудзинады оргæнтимæ бастдзинады директор Александр БОЛХОВИТЯНОВ бафыстой фидыды бадзырд Цæгат Ирыстон æмæ «Яндекс»-ы ‘хсæн æмгуыстады тыххæй. Уымæй уæлдай ма баныхас кодтой, ирон æвзаджы нымæцон рæзтыл чи фæзындзæн, къорд ахæм здæхтыл.**

Бадзырд бафыстой Мæскуыйы, «Яндекс»-ы штаб-квартирæйы 21-22 майы стратегион сесси «Информацион технологитæ æмæ Уæрæсейы адæмты æвзæгтæ»-йы фæлгæты. Æмгуыстады руаджы архайд цæудзæн ирон æвзагæй парахатдæр пайда кæнынил Яндексы нырыккон сервистæ, продукттæ æмæ технологитæй, стæй ирон æвзагæй æмæ ирон æвзагмæ машинæтæй тæлмацты æмвæзад фæбæрзонддæр кæнынил.



– Абоны бадзырды бафыст фæпайда уыдзæн æвзаджы корпустæ, тексттæ, дзырдуæттæ, глоссаритæ, орфографион æмæ терминологон æрмæджытæ аразынæн. Уыцы бæрæггæнæнтæ æнæмæнг хъæугæ сты тæлмацгæнджыты рæзтæн, ахуыргæнæн сервистæн, дзурæн технологитæ æмæ æндæр нымæцон инструменттæн, – фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Сæрмагонд цæстдард уыдзæн ирон æвзагыл документтæ æмæ, нывтыл цы тексттæ вæййы, уыдон, ныхас, автоматикон субтитртæ, кадры фæстæ ныхас, аудио- æмæ видеоæрмæджытæ иртасынмæ.

Æмгуыстады бындурыл куыст цæудзæн ахуырад, культурæ æмæ туризмы къабазы. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, ныхас цæуы Цæгат Ирыстоны картографион, топонимикон, туристон æмæ культурон контенты рæзты тыххæй, нырыккон уагыл рацаразын объекттæ, маршрутты тыххæй информаци æмæ сæ нæмттæ дыууæ ‘взагыл.

Ирон æвзаджы нымæцон рæзты фонд дæр архайдзæн æмгуыстады бындурыл æвзаджы бæрæггæнæнтæ, корпустæ, тæлмацтæ, дзырдуатон æмæ терминологон æрмæджытæ экспертон æгъдауæй басгарыны бæрнон хъуыддагыл.

Уымæй уæлдай ма Сергей Меняйло архайдта стратегион сесси «Суверенный ИИ: сохранить общий культурный цивилизационный код и обеспечить безопасность данных»-ы пленарон æмбырды. Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг скодта доклад «Ирон æвзаг – нырыккон бастдзинад, ахуырад, медиа æмæ фидæны технологиты æвзаг», фæбæрæг дзы кодта уыцы фæткы ахсджиагдзинад республикæйæн. Регионы разамонæг загъта, ирон æвзаджы рæзт нымæцон фæлдзусы кæй сси æвзаг бахъахъхъæнын, æрыгон фæлтæры ‘хсæн æй парахат кæнын æмæ йæ нырыккон технологитыл бафтауыны хай.

Докладтæ ма скодтой Адæмыхæттыты хъуыддæгты агентады разамонæг **Игорь Баринов**, Уæрæсейы Адæмты хæдзары директор **Анна Полежаева**, Уæрæсейы Федерацийы Адæмты мадæлон æвзæгты федералон институты директор **Эсет Бокова**, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ахуыргæнæг, РЦИ-Аланийы истори æмæ археологийы ирон æвзаджы центры наукон кусæг **Мария Макаренко** (темæ – «Ирон æвзагыл ахуыргæнæн хъæзтыты портал Рудзынг.рф»), Автономон æнæкоммерцион организаци «Ирон æвзаджы нымæцон рæзты фонд»-ы генералон директор **Гуыдиаты Тимур** (темæ – «Корпусæй системæмæ: ossetic.ru куыд æвзаджы рæзты нымæцон платформæ»).

III Стратегион сесси «Информацион технологитæ æмæ Уæрæсейы адæмты æвзæгтæ» цыди 2026 азы 21-22 майы Мæскуыйы Уæрæсейы Адæмты иудзинады азы фæлгæты.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Хæрзиуæг**

# Хъайтары ном цæрдзæн мыггагмæ

**Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН Кремлы кадджын уавæры ратта бæрзонд паддзахадон хæрзиуджытæ, Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау йæ цард чи ратта, уыцы афицерты идæдзтæ æмæ ныййарджытæн.**

Президенты къухæй «Сыгъзæрин Стъалы» райстой сæрмагонд æфсæддон операцийы фæмардуæвæг Уæрæсейы Хъæбатыр гвардийы лейтенант Мæрзойты Василийы ныййарджытæ. Къорд минуты паддзахады разамонæг ныхас кодта **Мæрзойты Аркади** æмæ **Маргаритæимæ**.



«Æз сæрыстыр дæн, нæ бинонты æртæ фæлтæры афицертæ Фыдыбæстæйæн кадджынæй кæй службæ кæнынц, уымæй. Нæ фыртыл æвæрд æрцыд йæ фронтовик фыдыфыд Василийы ном. Уый 1941 азы æфсæддон училищæ фæуыны фæстæ хъахъхъæдта Мæскуы, уый фæстæ 19-аздзыдæй, фистæгæфсады батальоны командæгæнæг уæвгæйæ, хъæбатырæй хæцыд Сталинграды бынмæ. Нæ лæппу нал и, фæлæ цард бавдыста, раст хъомылад ын кæй раттам, уый, – загъта Аркади, Василийы фыд, инæлар-лейтенант, Хуссайраг Æфсæддон зылды 18-æм æфсады командæгæнæг.

Не'мзæххон, æрыгон гвардийы лейтенант Мæрзойты Васили, æвдæм десантон-хъазуатонæй бырсæг 108-æм парашютон-десантон полчъы сгарджыты ротæйы командæгæнæг, Запорожьейы облæсты хъæбатырæй фæмард 2025 азы 17 октябры, хæстон хæстæ æххæстгæнгæйæ.

Васили 2025 азы фæззæджы йæ хæстонтимæ, сгаргæ æмæ размæ бырсгæйæ, знаджы æхсæнцайæн (опорный) пункты райстой, скуынæг кодтой 23 националисты, иуы райстой уацары, басыгътой фондз квадрациклы æмæ дыууæ пикапы.

2025 азы 15 октябры гвардийы лейтенанты дæлхайады ахстбынатыл знаджы авиабомбæ сæмбæлд. Афицер уæззау цæф фæци, райста контузи, фæлæ ма йæ бон баци йæ хæстонтæй дыууæйы æдас бынатмæ рахæссын, фæстæмæ ма æртыккагмæ куыд раздæхт, афтæ укрофашисттæ дыккаг цæф ныккодтой авиабомбæйæ, æмæ Васили агъуысты хæлддзæгты бын фæци. Æнæхъæн суткæ десантниктæ иуварс кодтой рæдзæгъдтæ, сæ зæрдæ дардтой, сæ командæгæнæг æгас кæй у, ууыл, фæлæ йæ мардæй ссардтой...

Уæрæсейы Хъæбатыр, гвардийы лейтенант Мæрзойты Васили 2025 азы 19 октябры кадимæ ныгæд æрцыд Дзæуджыхъæуы Намысы аллейы.

**Нæ уацхæссæг**

**Славянаг фыссынады бон**

# Сæ руаджы фыссынад равзæрд

**Æрвылаз майы кæрон Уæрæсе æмæ ма ноджыдæр цалдæр скæсæйнаг-европæйаг бæстæйы (зæгъæм, Белоруссийы, Болгарийы, Молдавийы, Цæгат Македонийы, Сербийы, Украинæ æмæ Чехийы) бæрæг кæнынц Славянаг фыссынад æмæ культурæйы бон.**

Ацы бæрæгбоны фæрцы дзыллæтæ кад скæнынц славянаг дамгъуат саразæг æфсымæртæ Кирилл æмæ Мефодийæн. Ацы аз дзырды ахадындзинад æмæ культурæйы тых æвдисæг бæрæгбон хауы 24 маймæ.

Бæрæгбон йæ мидисмæ гæсгæ нымад у Уæрæсейы иунæг паддзахадондингæнæг бæрæгбоныл. Æхсæнадон организацитæ æмæ паддзахадон кусæндæттæ йæ саразынц Уырыссаг чырыстон аргъуанимæ.

Бæрæгбоны фæзынд баст у славянаг адæмыхæттыты ‘хсæн чырыстон дин парахатгæнæг æфсымæртæ Кирилл æмæ Мефодийы нæмттимæ. IX æнусы дыккаг æмбисы византийаг паддзах Михаил Æртыккаг æфсымæрты барвыста Моравимæ славянаг æвзæгтæн фыссынад сбæлвырд кæнынмæ (ацы хъуыддаг ахъаз кодта чырыстон дин дарддæр парахат кæнынæн æмæ дины тексттæ грекъагбердзенаг æвзагæй ратæлмац кæнынæн).

Грекъаг горæт Салоникийы цæрæг Кирилл æмæ Мефодийæн сæ ныййарджытæ уыдысты зындгонд адæймæгтæ. Райдайæны Мефодий баст уыд æфсадимæ, фæлæ 852 азы райста моладзаны уагæвæрд æмæ Полихроны морадзандоны (ныры Турк) кусын райдыдта динамонæгæй. Сабибонтæй фæстæмæ зонындзинæдтæм тырнæг Кирилл цалдæр æвзаджы сахуыр кодта. Ахуырад райста Константинополы æмæ фæстæдæр ссис динамонæг.

Æфсымæрты хæс уыд грекъаг æвзагæй дины тексттæ ратæлмац кæнынæн ног славянаг дамгъуат саразын. Афтæмæй фæстæдæр фæзындысты глаголицæ æмæ кириллицæ.

Глаголицæ раздæр фæзынд, æви кариллицæ, уый тыххæй ахуыргæндтæм ис алыхуызон хъуыдытæ. Адæм зонгæ кæимæ уыдысты, уыцы рагондæр славянаг фыстытæ разындысты Болгарийы раздæры сæйраг горæты. Фыстытæ арæзт уыдысты æртæ рæнхъæй: иу рæнхъ – глаголицæйæ, иннæ дыууæ рæнхъы та – кириллицæйæ. Дыууæ дамгъуаты барын райдыдтой XVIII-XIX æнусты. Ацы хъуыддагыл ахуыргæндты быцæуныхас кæронмæ ахæццæ XX æнусы фыццаг æмбисы. Иртасджыты фылдæр хайы хъуыдымæ гæсгæ, кириллицæ фæзынд IX æнусы кæрон æмæ X æнусы райдайæны, ома, глаголицæйæ фæстæдæр.

Кирилл æмæ Мефодий кириллицæ нæ сарæзтой, зæгъгæ, нырыккон ахуыргæндты фылдæр хай афтæ зæгъы. Иртасджыты хъуыдымæ гæсгæ, Кирилл сарæзта глаголицæ, кириллицæ та фæзынд глаголицæ фæнывыл кæныны фæрцы. Æфсымæрты ахуырдзаутæ (уыдонæй иу уыд 840-916 азты Фыццаг Болгайраг паддзахады цæрæг сыгъдæг Климент Охридаг) сарæзтой кириллицæ, зæгъгæ, ахуыргæндтæм ахæм хъуыды сæвзæрд.



Кириллицæйы фæрцы белоруссаг, болгайраг, македойнаг, уырыссаг, сербаг, украинаг æмæ черногойраг æвзæгты фыссынад сæвзæрд. Ныртæккæ дунейы 400 милуан адæймагæй фылдæр славянаг æвзæгтыл дзурынц. Кирилл æмæ Мефодий кæуыл бакуыстой, уыцы фыссынад фæахъаз æппæт славянаг адæмты культурæ æмæ литературæйы райрæзтæн.

1857 азы 24 майы Болгарийы фыццаг хатт сбæрæг кодтой Славянаг фыссынад æмæ культурæйы бон. Фæстæдæр иннæ бæстæтæ – Уæрæсе, Украинæ, Белорусси, Молдави æмæ æндæртæ амынд æгъдау райстой. Бæрæгбоны заман иуæй-иу регионты дзуарджын рацыдтытæ æхдæстгонд æрцæуынц, стæй динамонджытæ сыгъдæг Кирилл æмæ Мефодийы кадæн ракувынц.

– 1863 азы 24 майы (зæронд азнымадмæ гæсгæ) славянаг фыссынады миназон юбилейы кадæн Уæрæсейы фыццаг хатт бæрæгбон сарæзтой. Советон хицаудзинады заман кæй ферох кодтой, уыцы бæрæгбон ногæй сарæзтой æрмæст 1986 аз. 1991 аз Славянаг фыссынад æмæ культурæйы бонæн нæ бæстæйы раттой паддзахадон бæрæгбоны уагæвæрд, – зæгъы Уæрæсейы Фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады дипломатон академийы ахуыргæнæг **Елена Шуванникова.**

**Федерацийы Советæй**

# Парламентариты иумæйаг æмбырд

**УФ-йы Федерацийы Советы арæзт æмбырды рæстæг уæрæсейаг æмæ сербаг парламентаритæ Дыккаг дунеон хæсты хатдзæгтæ æмæ нацизмы æндидзынадимæ баст нырыккон дуджы ног æууæлтыл æрныхас кодтой. Æмбырды архайдта Цæгат Ирыстонæй сенатор Виталий НАЗАРЕНКО.**



Фембæлды архайджытæ æрныхас кодтой историон рæстдзинад ногæй саразыны хъуыддагыл, Уæлахизы ахадындзинад, стæй, хæсты заман советон æмæ сербаг адæмтæ кæй бавзæрстой, уыцы зындзинæдтыл. Уæлдай фылдæр æргом аздæхтой Боснийаг хæсты заман сербты ныхмæ арæзт фыдракæндтæ æмæ Дейтонаг фидыдтыты фæстиуджытæм.

Ивгъуыд заманы фæдыл бæрнондзинад кæмæ нæ хауы, ахæм политикты ног фæлтæр ныгуылæйнаг бæстæты хицæуутты бынæттæ кæй ахсынц, уый нымайгæйæ, фæстаг ссæдз азы дæргъы Дыккаг дунеон хæсты хатдзæгтæ аивын фæлварынц. Хæсты заман стыр зындзинæдтæ бавзарæг нæ бæстæ Уæлахизмæ егъау æвæрæн кæй бахаста, дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ æмæ кино уый зыгъуыммæ æвдисынц. Ацы уавæр банымайæн ис Уæрæсе æмæ æппæт дунейы ныхмæ арæзт, æнæхин хабæрттæ æмбæхсæг информацион хæсты хайыл. Нæ хæс у, архивтæй, наукон иртæсстытæ æмæ къухы бафтæг æппæт авналæнтæй пайда кæнгæйæ, историон рæстдзинад бахъахъхъæнын.

– Хæсты заман фашизмы ныхмæ тохгæнæг советон æмæ сербаг адæмтыл стыр зиантæ æрцыд. Иумæйаг историон номарæнæй пайда кæнгæйæ, парламентты ‘хсæн æмгуыстад дарддæр æххæст кæнынмæ цæттæ стæм. Æмгуыстады фæрцы нæ бынтæ бахъахъхъæндзыстæм, стæй сæ фидæны фæлтæртæм бахæццæ кæндзыстæм, – загъта Виталий Назаренко.

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ**

## Дзырды фарн

*Зарæг, таурæгъ æмæ кадæджы мыггагæй ирон адæм цы æрымысыдысты, уыдонæн сæ сæр лæууыныц нарты кадджытæ.*

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **23 майы** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **10-21 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 14,55 | Хурыскаст — 04,30<br>Хурныгуылд — 19,25 | Валютæйы аргъ | Доллар — 73,34<br>Евро — 86,09 | 12 + |

Уавæртæ

# Фæндаг дон сæхгæдта

**Ærдзы рæсугъддзинæдтыл адæймаг æнувыд у, нæ фæллайы йæ æвæджиауы фæзминаг фадæттæ æмæ авналæнтæ нымайынæй. Фæлæ æрдз йæхи арæх равдисы тызмæгæй, йæ фæзындтытæ нын алкæд нæ зæрдæтæ нæ барухс кæнынц.**

Æрмæст тыхджын къæвдатæ сæ фæстæ уыйас фыдбылызтæ расайынц, æмæ, хи куыд хуыздæр бахизай, уый нал фембарæм. Дыгуры районмæ цæугæйæ, тыхджын къæвдатæ бамбæрзтой фæндаг, нал дзы уыд ацæуæн дæр.

Иугæр къæвдаты афон райдыдта, уæд æнхъæлмæ кæс æнæнхъæлæджы уавæртæм. Æндæрæхсæв Дигора-



мæ фæндаджы хай цалдæр сахаты дæргъы уыд æхгæд, фæндаггон хæдзарады кусджытæ йæ цъыф æмæ æлыгæй сыгъдæг кодтой.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг **Отарты Георги** уайтагъд æрцыд бынатмæ, аныхас кодта кусджытимæ, федта уавæртæ. Куыд бамбæрста, афтæмæй тыхджын къæвдатæ хуымзæххытæй ракæлынц къанаумæ, фæндаггон змæлд сæхгæнынц. Цы хæтæлтæ æвæрд æрцыд къанауы, уыдон базæронд сты, нæ уромынц доны тыхджын раивылд.

«Æнæмæнг сæ хъуамæ ацы аз баивæм, бацæттæ кæндзыстæм проектон гæххæттытæ. Ахæм уавæр сæвзæрд Садонкæйы донимæ дæр, уым дæр тыхджын къæвдатæ сты аххосджын. Дон ракалд фæндагмæ, ныртæккæ доны æмвæзад фæныллæгдæр, бавнæлдтой былгæрæттæ фидар кæнынмæ», – загъта Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг.

Уымæй уæлдай, Отары-фырт бафæдзæхста былгæрæттæ сфидар кæныны æххæст проект бацæттæ кæнын. Куыстытæм бавналдзысты иннæ аз, бахъæудзæн дзы стыр куыст бакæнын. Къæвдатæ ахæсдзысты къуыриййы кæронмæ, хæхты æнцон кусæн нæу, фæлæ специалисттæ алцыдæр аразынц, цæмæй ног донивылд мауал æрцæуа. Сæйрагдæр у фæндæгтыл ædасæй цæуын, æппæт уыдæттæм специалисттæ сты къæрцхъус.

**Нæ уацхæссæг**

Юбилей

# Йæ сæйраг хъуыды – царды хорз фæд ныууадзын

**Курдиатджын поэт, прозаик, публицист, литературон критик æмæ тæлмацгæнæг Хохойты Сæлафиры фырт Энвер ацы уалдзыгон бонты бæрæг кæны йæ 70 азы.**



Райгуырд хуымæтæг зæхкусæг бинонты æрдзы парахат æмæ рæсугъд хъæбысы æрæнцайæг хъæу Сырх-Дыгуры. Æнтыстджынæй каст фæци астæуккаг скъола, уый фæстæ – Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет. Ахуыры фæстæ бафыста йæ хæс паддзахады размæ – фæзминагæй баслужбæ кодта Советон Æфсады рæнхъыты. Службæйæ сыздæхгæйæ, Энвер куыста цасдæр рæстæг ахуыргæнæгæй скъолайы, фæстæдæр та кусынмæ бацыди барадхъахъхъæнæг оргæнтæм æмæ дзы фæци суанг пенсимæ рацæуыны онг.

Куыст, кæй зæгъын æй хъæуы, царды сæйрагдæр фæрæз у, фæлæ ма адæймагмæ вæййы, удварны фæндæгтæм æй чи фæхоны, ахæм сфæлдыстадон цæхæр дæр. Афтæ рауад Энверы хъуыддаг дæр – суанг æвзонг азтæй фæстæмæ мадæлон æвзаджы аив æмæ рæсугъд зæлтæ йæ туджы ахъардтой, райдыдта фыссын æмдзæвгæтæ, прозаикон уацмыстæ. Абоны онг рауагъта ссæдзæй фылдæр поэтикон æмæ прозаикон чиныджы – поэмæтæ, радзырдтæ, баснятæ æмæ очерктимæ. Энвер ма уымæй уæлдай у курдиатджын тæлмацгæнæг, уыцы хъуыддагмæ куыд хорз арæхсы, уымæн æвдисæн у А.Пушкины трагеди «Каменный гость» – мадæлон æвзагмæ тæлмацгондæй, уый æнтыстджынæй цæуы нæ республикæйы профессионалон театрты сценæйыл. Энверы æмдзæвгæтыл Ирыстоны композитортæ ныффыстой дæсгай зарджытæ, йæ хуыздæр уацмыстæ бахаудтой Уæрæсейы адæмты литературæйы антологимæ.




Энверы уацмысты сæйраг, бындурон хатдзæг у ахæм – хъæуы уæвын рæстзæрдæ, æнæсайд, æфсармджын, зæрдыл дарын иу хъуыды – царды бонтæ тагъд атæхынц, æмæ дзы хъæуы хорз фæд ныууадзын, искæй зæрдæхудты ма бацæуын, уарзондзинады бындурыл аразын дæ адæмимæ ахастдзинæдтæ, бæллын тæригъæддзинад ма райсынмæ.

Йе сфæлдыстады стыр бынат ахсынц нæ гыццыл Ирыстон, нæ иумæйаг фыдыбæстæ – Уæрæсе цæстыгагуыйау хъахъхъæнын, сæ рухс сомбонмæ аккаг хай хæссын, нæ рæзгæ фæсивæды патриотон хъомыладмæ стыр æргом здахын.

Нæ «фæхъулон» кодта сывæллæтты дæр – бирæ зæрдæмæхъаргæ æнцонæмбарæн æмдзæвгæтæ сын ныффыста.

Энвер, дæ диссаджы курдиат дын Хуыцауæй лæвæрд у, æмæ дзы дæ адæмæн цæстуарзонæй лæггад кæныс. Дæ сæдæ азы сæрты акæс Сфæлдисæджы фæндæй æмæ ма нын бирæ азты дæргъы нæ зæрдæтæ рухс кæн дæ уацмыстæй!

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Æнæмæлгæ полкъ





ЕДЗОЙТЫ Барис



ЕДЗОЙТЫ Дзамболат



ЕДЗОЙТЫ Ибрагим



Александр ИГНАТОВ



ХЪАБАНТЫ Гима



ХЪАБАНТЫ Рамазан



ХЪАБАНТЫ Батырбег



ХЪАЛÆГАТЫ Захар



ХЪАНТЕМЫРАТЫ Андрей



ХЪАНТЕМЫРАТЫ Барис



ХЪАНТЕМЫРАТЫ Мырзабег



ХЪАНТЕМЫРАТЫ Созырыхъо

Æхсæнад

# Сæ цин, сæ бон

**Виктор Когдасы йæ гыццылæй фæндыд биолог суæвын, уый нæй, уæд та цæрæгойты дунеимæ баст дæсныйад райсын. Бирæ уарзта цуаны цæуын, кæсаг ахсын, фæлæ, аквариумы кæсæгтæ куы федта, уæд сæ йæ уд баззад. Уæдæй абонмæ сæм йæ ахасты тых нæ бамынæг. Уый нæ, фæлæ ма ныр дзæвгар рæстæг у ацы куыстыл хæст, бафтыдта йыл йæ бинойнаджы дæр.**

Дæлдон дунейы 'нгæс у Виктор æмæ Ленæйы иуатон фатер. Къулты рæбын кæрæй-кæронмæ, стæй сæ сæвæрынæн уæгъд бынæтты алыхуызон декоративон кæсæгтæ цъыллинджытæ кæнынц аквариумты, рæвдауынц æрбацæуæджы цæст. Уазджыты арæхæй нæ тыхсынц бинонтæ, æмбарынц, сæ иу хай сæм хуымæтæджы кæй нæ фæзыны, дохтырты амындмæ гæсгæ кæй æрбацæуынц. Цасдæр алæууынц кæсæгты раз, кæсынц æмæ рахатынц, уыдон дæр адæймаджы дунемæ хæстæг лæуд кæй сты. Нервыты алыхуызон низтæ дзæбæх кæнынæн, адæймагæн йе 'муд æрцæуынæн æвæджиау мадзал! Когдасты бинонтæ сæ уый тыххæй æхца нæ бацагурынц.

– Бафæллайын, фæлæ мæ куыстытæй куы схицæн вæййын, уæд сæ цуры сбадын æмæ сæм фæкæсын, аквариумы куыд цæрынц, цы ахастдзинæдтæ ис се 'хсæн, уымæ. Еугæф куы акалынц, уæд цин фæкæнын, – зæгъы Виктор æмæ, лæппын кæсæгтæм амонгæйæ, йæ ныхас дарддæр ахæццæ кæны, кæс-ма, зæгъы, ацы тæккæ рæстæг систы кæсæгты хуызæн, æрдзон уавæрты та уыцы рæстæгмæ 'рмæст кæсаджы къæдзилты æнгæс вæййынц.

– Æхца бакусæн сæ нæй, фæлæ æхцондзинад хæссыны фаг сты. Ленæимæ архайæм нæ кæндтæн æхца бакусынмæ, фæлæ нын дзы ницы уайы. Алцы дæр тынг зынаргъ у нæ рæстæджы. Ме 'рыгон бонтæй фæстæмæ уарзын семæ архайын, пенсимæ куы рацыдтæн, уæд сæ райдыдтон дарын. Лæппын кæсæгтæ равзæрын кæнын æмæ сæм зилын, арæх рауадзын кæсаджы ног хуызтæ дæр. Æлхæнгæйæ дзы бахауы, раздæр мæм чи нæ уыд, ахæмтæ, æмæ сæ ахицæн кæнын сбирæ сæ кæныны хъуыдыимæ. Зилын сæм, хæринаг æмæ дзы электрон рухсæн фидыны бæрц бакусын, уымæй дæр разы дæн, – йæ ныхас газеты уацхæссæгимæ дарддæр кæны хæдзары хицау.

Уæлдæр уыд загъд, фыццаг хатт сæ аквариумы куы федта, уымæй кæй райдыдта йæ уарзондзинад ацы куыстмæ. Цæвиттон æй, йæ мад Ног Бæтæхъойыхъæуæй горæтмæ рарвыста, æндадзæгыл ахуыр кæнынмæ бацу, зæгъгæ. Дзæуджыхъæуы Дзанайы-фырт æмæ Маркусы уынгты тигъыл уыцы рæстæг уыд, кæсæгтæ аквариумты кæм







цардысты, иунæг ахæм дукани. Æрвылбон ахуыры фæстæ йæ рæстæг уым æрвыста. Æддæмæ дзы нæ хызтæн, зæгъгæ, уыцы бонтæ мысы Виктор. Йе 'хцайы фылдæр хай кæсæгтыл хардз кодта, иннæ лæппутау тезгъойыл нæ, фæлæ. Фæстæдæр, Бæтæхъойыхъæуы ног хæдзар куы сарæзтой, уæд ма йыл самандурæй иу агъуыст бафтыдта æмæ дзы аквариумы кæсæгтæн скодта бынат. Йæ ахуыр кæронмæ куы 'рхæццæ, уæд æй кусынмæ арвыстой Алтайы краймæ, Сыбыры дæр кодта уыцы куыст. Бирæ рæстæг баззайын дзы нæ фæнд кодта, фæлæ дзы 25 азы афæстиат. Бинонтæ 'рхаста, фæзынд сын цот. Фæлæ йæ бинойнаг уæззау рынчын уыд, æмæ сыздæхт фæстæмæ Ирыстонмæ. Йæ цардæмбал йе 'цæг дунемæ куы ацыд, уæд хæдзары 'фсинæн æркодта Ленæйы.

– Фыццæгты не 'мбæрстон, кæсæгтыл афтæ æнувыд цæмæн у, уый. Ныр мæхæдæг дæр æнæ уыдон цæрын нал базонин. Мæ цардæмбал мæ сахуыр кодта æппæтыл дæр,– зæгъы сылгоймаг. Ацы куыст ныр 25 азы кæнынц бинонтæ.

– Ме 'мбал Дмитрий Букач горæты Дружбæйы фæзы районы цард, 105 азы йыл цыд. Цот ын нæ уыд, иунæгæй цард, дардта аквариумы кæсæгтæ. Бирæ цæуылдæрты мæ сахуыр кодта уыдонмæ зилгæйæ. Фæархайын, цæмæй кæсæгтæ рауайой, куыдæй мæ сæ фæнды уынын, ахæмтæ. Цин мын хæссынц. Живодеркæтæ куы балхæнын, уæд та бынтон диссаг вæййы. Алыхуызæттæ вæййынц, сæхи куыд дарынц, уымæй стыр цымыдисдзинад æвзæрын кæнынц адæймагмæ. Зоныс, дзæбæх дæр сæ кæнынц. Дохтыртæ нæм æрбацæуынц, рауæй нын сæ кæн, зæгъгæ. Уæййаг чи нæ вæййы, уыдонæй дæр сын раттын. Рынчынты дæр фæхъæуынц арæх дохтыры амындмæ гæсгæ. Дарын хæрзмыггаг кæсæгтæ дæр, уæймæ нæ. Ссæдз хуызы мæм ис, аквариумы сбирæ кæнæн кæй ис, ахæм хуызтæ дæр дарын: сториясонтæ, телескопиктæ, неонтæ, фристеллæтæ, тернециятæ. Фæстаг мын рауад, медузæ æмæ кораллы баиуæй, сты алыхуызæттæ – сырхытæ, цъæхтæ... Ракæсма, вуалевыйтæ дæр дзы скодтон. Тынг цымыдисаг мæм кæсы ацы куыст. Уæртæ уыдон нырма хæрз чысылтæ сты, уæртæ уым та инфузорийы туфелькæ цæры, – хæринаг сын дæттгæйæ, зæгъы кæсагдарæг. Куыд базыдтам, афтæмæй сын хуымæтæг хæринаг нæ дæтты, рафыссы артемийы æйчытæ (цæхджын цадты сæ дарынц, тынг зынаргъ сты). Донил цæхх æркæны æмæ йæм туаггуыр рауадзы. Æйчытæй рацæуы фæстæмæдзу хæфсытæ 'мæ сæ кæсæгтæн ратты. Бирæ архайд ис семæ, фæлæ уæддæр, райсомæй изæрмæ нæ фæллайынц лæггад кæнынæй лæг æмæ ус. Æрмæджы авторы бацыдмæ сæ дæлдоны дунейы цæрджытимæ фембæлынмæ æрбацыдысты сывæллæттæ æмæ сын уыцы фембæлд цас циндзинад æрхаста, уымæн уыд æвдисæн. Сæ хицау ма сын семæ дæр дондзæкъулы нывæрдта кæсæгтæй цалдæры, бафæдзæхста, куыд сæм хъæуы зилын, уыдæттæ.

Амондджын уæвынæн цас хъæуы адæймаджы? Хæрз чысыл, уды сыгъдæгдзинад æмæ цæмæ бæллыс, уый цæстæй куы уынай, уый дæр амонд у. Афтæ куы нæ уаид, уæд Когдасты бинонтæ сæхи амондджын нæ хоникkой.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къамтæ**




## Уыдис? Нæ уыдис?

# «Мæ мад æфсадæй куы 'рцæуа, уæд...»

Иу хъæуы цардысты мад æмæ фырт. Лæппуйæн бинонтæ нæ уыд æмæ йæ йæ мад, ус ракур, зæгъгæ, нал уагъта. Байхъуыста лæппу мадмæ æмæ ракуырдта, сæ хъæуæй бирæ дарддæр чи уыд, ахæм хъæуæй чызг. Скодтой, куыд æмбæлы, ахæм чындзæхсæв. Чындзæн æфсин йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ лæг райсомæй куыддæр куыстмæ ацыд, афтæ æфсинæн райдыдта фыдмитæ кæнын.



Иубон фырт йæ куыстæй æрбацыд æмæ кæсы, мадæн йæ сæр бындзарыл æлвыд. Йæ усы фæрсы, чи йын алвыдта йæ сæр, зæгъгæ. Ус ын дзуапп дæтты: "Æз ын æй алвыдтон, æфсадмæ йæ 'рвитын, æфсады нæ уыд, æмæ кæд уым зонд райсид". Лæг ницы сдзырдта, ацыд æмæ бафынæй кодта. Райсомæй раджы сыстад, бæх сивтыгъта æмæ усмæ дзуры, знон, дам, мыл дæ хъæуккæгтæ амбæлдысты æмæ, дам, дæ дæ каистæ хъаст кæнынц, рагæй, дам, нæм нал уыдыстут, æмæ дæхи арæвдз кæн, бабæрæг сæ кæнæм.

Усмæ бирæ дзурын нал бахъуыд, уайтагъд йæхи ацæттæ кодта, сбадти лæг бæхыл, усы дæр йæ фæстæ сбадын кодта. Ныццыдысты каистæм. Бацин сыл кодтой, лæг дæр æхсæвы уым баззад. Сæумæрайсом лæг йæ бæх сифтыгъта, усæн загъта, ды уал, дам, ам баззай, сбадт йæ бæхыл æмæ рацæуы...

Ус æм рауад æмæ йæм дзуры: «Æмæ мæ фæстæмæ ласынмæ кæд æрцæудзынæ?» «Мæ мад æфсадæй куы 'рцæуа, уæд куывд кæндзынæн, æмæ дæ уæд фæхондзынæн», – загъта нæлгоймаг. Бамбæрста ус йæ рæдыд, фæлæ йын ницыуал гæнæн уыд.

**ДЗЕБЫСАТЫ Георги,**
**Джызæлы цæрæг**

## Хохæгты цардæй

# Мæлынæй йын фæтарст...



Иухатт Дыгургомы хъæутæй иу сылгоймагæн йæ былтæ рафастой (герпес), æмæ сæ æхсæвы, хуыссынафон, дæндæгтæ 'хсæн пастæйæ байсæрста – фехъуыста, уымæй, дам, уайтагъд ахус вæййы.

Иуафон йæ сæрыхицау æддæмæ акаст йæхихъуыдыйы. Куы 'рбаздæхт æмæ йæ усы былтæ урс-урсидæй куы федта, уæд фенхъæлдта, æвæццæгæн, мæлгæ кæны æмæ йæ комы фынк ракалдта, зæгъгæ. Фынæй усы рустæ ныттæпп-тæпп кодта. Ус фехъал, ныхъхъæр кодта:

– Уæуу, цы 'рцыди? Цы у?

– Дæ былтæн цы бакуыстай? Мæлынæй дын фæтарстæн! – дзуапп ратта лæг.

# Фæрæдыд...

***Мустыздæхаг лæг Цæллаты Мураты йæ хъæуккæгтæ дæр æмæ зонгæтæ дæр фæсномыгæй хуыдтой «Кърупа». Иухатт хохмæ æрбацыд цыдæр цины хъуыддаджы. Стырдыгуйраг Гетъоты Петыримæ фембæлд, æмæ йын уый хиуонхуызæй афтæ:***

***– Æгас нæм цу, «Рæмпæг»!***

***Уæд æм Мурат мидбылхудгæйæ дзуры:***

***– «Рæмпæг» нæ хуыйнын, фæлæ – «Кърупа», «Кърупа»!***

***Петыр дæр уæздан худт бакодта:***

***– Мæгъа, цыдæр лыстæг уыдис дæ ном!***

***Бирæ фæхудтысты дыууæйæ дæр.***

# Йæ хæйрæджыхæйттæ...

Стырдыгуйраг ахуыргæнæг сыхаг хъæу Одолайы кæмæдæр дзадджын фынгыл дзæвгар афæстиат. Æрталынг, бинонтæ йæм æнхъæлмæ кæсынц, фæлæ лæг зынæг нæй. Йæ ус æй сывæллæттæй иуимæ агурæг рацыд. Æхсæвы тары уынынц, дæлæ иу лæг ноздзжынæй ссæуы. Куы йæм ныххæццæ сты, уæд сæхи нæ базонын кодтой, фæлæ йæ фæрсты дарддæр ныййивгъуыдтой. Гыццыл ныууадысты, стæй фездæхтысты æмæ йæ фæстæ цæуынц. Лæг æрлæууы, уыдон дæр æрлæууынц. Уæд ноздзжын лæг дзуры йæхицæн: «Адон мæ хæйрæджыхæйттæ сты æви цы сты?»

Дзуры сæм:

– Сымах дæр ацырдæм куы цæут. Рауайут æмæ иумæ цæуæм!

Уыдон ын уырыссагау дзуапп раттой:

– Мы боимся тебя!

– Не бойтесь, я сельский учитель! – дзуры сæм.

Ус æмæ сывæллон ныххудтысты, сæхи схъæр кодтой, æмæ хæдзармæ иумæ æрбацыдысты.

**ГЕТЪОТЫ Уарзетæ,**
**Стыр-Дыгур**

## Мидбылты худгæйæ

# «Дæсны» дохтыр...

Æрæфы районы редакцийы куы куыстон, уæд-иу нæм Сæуджен арæх æрбауад. Рынчындоны дохтыр, хирург, фæлæ газеты æхсæнадон уацхæссæг дæр уыд, фыста цыдæр философон уацхъуыдтæ, йæхæдæг дæр сын хатгай сæ мидис дзæбæх не 'мбæрста, ахæмтæ.

Сæуджен хирург та ахæм уыд, æмæ-иу операци кæмæн скодта, уый ницыхуызы фервæзтаид, рынчын-иу йæ фæндаг палатæйæ Барастыры бæстыл акодта.

Пысылмон хъæуты зиан куы вæййы, уæд марды фæстæ уæлмæрдтæм æрмæстдæр нæлгоймæгтæ цæуынц. Уыцы æгъдауыл хæст сты Цыкола дæр. Иуахæмы та хъæубæсты зиан æрцыд. Лæгтæ йæ афæндараст кæнынмæ фæраст сты уæлмæрдтæм. Йæ сыджыты хай йыл куы ныккалдтой, уæд фæстæмæ раздæхтысты, фæцæуынц дуары 'рдæм. Сæуджен-иу цыртытыл йæ къухтæ аивæй æрхаста, афтæмæй дзæвгар фæнымадта сæрыстырхуызæй:

– Ай дæр мæн къухтæй бацыд, уый дæр мæн къухтæй бацыд ...

# Йæ хъуг ссардта...

Нæ фæсивæд хъылмайы ахæсты куыд фæци! Цард сын сæ размæ цы цæлхдуртæ æвæры, уыдоныл фæиуварс кæнын алкæй къухы не 'фты. Æмæ дзы иуæйиутæ фæрæзæн ссарынц хъылма. Чи йæ дымгæ кæны, чи та йæ йæ тугдадзинты баскъæры...

Фæстæгтæм хауы Ацæ дæр. Йе 'мхуызæттимæ фæлымæн, æмæ сæ нæдæр ахуыры сагъæс ис, нæдæр – куысты, нæдæр – бинонты. Се стырдæр мæт у «хос» самал кæнын æмæ ацы мæнг дунейæ рæстæгмæ фæхицæн уæвын...

Уыдонмæ бакæсынæй диссагдæр ма цы уа – сæ иуты худæг ссары, иннæтæ кæуын фæфæлварынц. Уæвгæ уын сæ цы дзурын – уыцы хабæрттæ уæхæдæг дæр хорз зонут. Æнæхайыры «дозæ» балхæнынмæ æхца кæм ссарынц, уый дæр сусæггаг нæу – цæуыл хæст кæнынц, ууыл давынæй нæ ауæрдынц. Бесæйы хъуг куы нал æрыздæхт хизæнуатæй, уæд мæгуыр лæг, кæй бæллæх ыл сæмбæлд, уый бамбæрста. Æппæт фæндæгтæ дæр цыдысты Ацæмæ, æмæ йæ сæргъы балæууыд:

– Зонын æй, дæу йеддæмæ ничи уыд. Мæ хъуг цы фæци?

Лæппу йæм йе 'вджын цæстытæй ныккасти, фæлæ ницы сдзырдта, бæрæг уыд, кæмдæр дард ран кæй сты йæ хъуыдытæ.

Зæронд лæг бынтон æрбамæсты æмæ йæм бадодой кодта:

– Ныртæккæ, мæ хъуг кæм ис, уый куы нæ зæгъай, уæд сар дæ сæр кæны, мæнæ æнаккаг!

Лæппу «уæларвæй» кæцæйдæр цадæггай æрыздæхт æмæ Бесæмæ сагъæсхуызæй дзуры:

– Дæ хъуг кæм ис, зæгъыс? Мæнæ мæ тугдадзинты ратæх-батæх кæны...



## Хъæлдзæг радзырд

# Фæдисхъæр уæлмæрдтæй фæцыд

Фæззыгон бæзджын мигъ хъæубæстыл йæхи æруагъта æмæ, куыд фæзæгъынц, цæсты къух фæтъыссæн нæ уыд, иу метрмæ адæймаг адæймаджы нæ уыдта. Бон куыддæр цъæхтæ кæнын байдыдта, афтæ магусайæ цæлуарзаг Дотти йæ хуыссæны зивæггæнгæ базмæлыд, иучысыл йе 'рагъынуæрттыл аратул-батул кодта, йæхи аивæзтытæ кодта, стæй сабырæй, хъæрзгæ-хъæрзгæ, йæ хуыссæны рахъеллау. Йæ мæллæг, зыр-зыргæнаг къухтæ йе 'нæдаст рæсыд цæсгомыл джихтæ кæнгæ æруагъта æмæ хъуыдыты анығъуылд: цымæ абон та кæм цы ис – куывд, хист? Иудзырдæй, цæлгæнинаг. Знон Дзегдæйы хисты бæргæ хорз федта йæхи, фæлæ ныр та цы чындæуа? Цæй, бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы... Æмæ та, йæ дыууæ цъæх цæсты царæй нæ исгæйæ, хъуыдыты анығъуылд. «Фæлæууума, фæлæуу, бирæгъы йæ къæхтæ куы дарынц, уæд мæнæн мæ къæхтæ хаугæ, мыййаг, акодтой? – æмæ йæ мидбылты бахудт, – хъæубæсты æппындæр куы ницы уа, ома чындзхаст, чызгæрвыст, куывд, авдæнбæттæн, кæнæ зианы кæнд, уæд мын уæлмæрдтæ та кæдæм лидзынц, кæд мын фыццаг хатт нæу, мыййаг, æви мæ дард цæуын хъæуы? Уæлмæрдты, Хуыцауæй разы, кæддæриддæр бахæринаг вæййы: кæм дзы ингæнкъахджытæй исты фæлхæрттæ баззайы, чи йæ мардæн цырт æвæры, чи та йæ хорз хæларæн фынджыдзаг рахæссы».

Гъе, уыцы хъуыдытæ Доттийы сæры куыд зилдух кодтой, афтæ кæрты дуарæй чидæр æрбахъæр кодта:

– Дотти! Гъей, Дотти! Нæма рабадтæ, Хуыцауы тыххæй, æви мæлгæ акодтай?

Дотти хъæццулы бын абырыд æмæ уырдыгæй æнæбары дзуры:

– Оу-оу! Уый Сырхау куы дæ! Хуыцауы тыххæй, дæ хуыссæны кълопитæ ис, цæй раджы фестадтæ?

– Цæй, уæлæмæ сыст, – загъта Сырхау, – æмæ мемæ цом, уæлæ зæронд сидзæргæс Хамбечерæн хъæдæй иу суджы уæрдон æрласæм.

– Уый цытæ дзурыс, Сырхау? Дæ сæрызонд фæлыгъди? Æз мæнæ мæлгæ куы кæнын, дысон-бонмæ цъынд куы нæ бакодтон мæ зæрдæйы рыстæй. Æвæццæгæн та мæ туджы æлхъывдад хæрдмæ ныццавта.

– Ды куыд нуазыс, – загъта Сырхау, – афтæмæй дæ туджы æлхъывдад хæрдмæ нæ, фæлæ суанг уæлæ Хъæриуы хохы цъуппæй куыннæ агæпп кæны! – æмæ хъуырхъуыргæнгæ кæрты дуары æдде фæци.

Дотти хъæрзгæ-хъæрзгæ йæ дарæс скодта æмæ уынгмæ рахызт. Дыууæрдæм аракæс-бакæс кодта, кæд мигъæй ницы зындис, уæддæр, æмæ уæлмæрдты 'рдæм фæраст.

«Ничи йæм кæсы, Сырхаумæ, – йæхинымæр дзуры Дотти. – Хамбечерæн, дам, хъæдæй суг æрласæм! Æндæр мæ мæт дæр нæй! Бо-о-он-изæрмæ хæрæджы куыст фæкæн, афтæмæй йæм нæдæр арахъхъ ис, нæдæр – бахæринаг... Цыма исчи æрра у!»

Гъе, уыцы рæстæг къуыбыры сыхы лæппулæгтæ: Хъæрæби, Псмахуæ æмæ Дзагъыло сæ хъуццыты уæлмæрдты 'рдæм сæрвæтмæ аздæхтой хъомгæсы размæ.

– Дысоны фырнозтæй ме уæнгтæ кæрæдзиуыл нал хæцынц, мæ сæр тъæппытæ хауы, – дзуры Хъæрæби.

– Бауырнæд дæ, Хъæрæби, – загъта Псмахуæ, – мах дæр Дзагъылоимæ хуыздæр уавæры не стæм, ноджы нуæзтам, йæ сливычный масло йæ сæрыл кæмæн бадт, раст ахæм арахъхъ. Гъей, джиди, æмæ ныр уымæй иусæдæ граммы, уæд нæ удтæ сæхимæ бæргæ æрцæуиккой...

– Мæнмæ ис иу хорз фæнд, – загъта Псмахуæ. – Иубон Дзанхъуыдасæн ингæн куы къахтам, уæд нын æрхастой цыппар авджы водкæтæ, стæй иу графин ирон арахъхъ. Иу авг ма дзы баззадис, æмæ йæ æз Долæты ингæны йæ къæхты 'рдыгæй бамбæхстон.

– О, Хуыцау дын хорз ракæна, Псмахуæ, ныртæккæ йæ æз æрдавдзынæн, – æмæ Хъæрæби уæлмæрдты 'рдæм фæраст. Ссардта Долæты ингæн, йæ мæллæг даргъ æнгуылдзтæ сыджыты фæтъыста, арахъхъы авг систа, дыууæрдæм аракæс-бакæс кодта æмæ йæ ных дуарырдæм сарæзта. Иу цалдæр къахдзæфы куыд акодта, афтæ йæм фæстейæ кæйдæр мæсты ныхас райхъуыст.

– Фæлæуу-ма! Кæдæм хæссыс арахъхъы авг?

Хъæрæби сагъдауæй баззад, йæ авг йæ къухтæй æрхауд, фыртæссæй йæ сурхид акалд, фæстæмæ ракæсын нал уæндыд – йæ уæнгтæ йæ коммæ нал кастысты, ныхъхъæр кæнынмæ бæргæ хъавыд, фæлæ йæ дзых байгом кæнын дæр йæ бон нал баци, йе 'фсæртæ цыма кæрæдзиуыл ныхæсгæ бакодтой, уыйау нындзыг сты.

– Йарæби, нæ мæрдтæй исчи райгас, æви ам боныцъæхтыл ацы мигъы чи цы агуры? – уыцы ныхæстимæ чидæр Хъæрæбийы уæхсчытыл йæ уæззау къух æрæвæрдта.

Хъæрæби ма йæ фæстаг ныфсы муртæ æрбамбырд кодта æмæ йæ дзыхы дзаг ныхъхъæр кодта.

– Фæдис, хорз адæм! Нæ мæрдтæ райгас сты! – æмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыд, йæ цæстытæ ныддзагъыр сты, йæ хуыз цикъæйæ фæлурсдæр ныцци.

Дотти (уый та Дотти уыди) Хъæрæбийы ахæм уавæры куы федта, уæд йæхæдæг дæр фæтарст. Хъæрæбийы ратил-батил систа, фæлæ никуы æмæ ницы, лæг йæ цæстытæй нал кæсы, тыхулæфт ма кæны. Дотти йæ дзыхы дзаг ныхъхъæр кодта: «Фæдис, хорз адæм, мæнæ лæг мæлы!»

Уыцы хъæрмæ Хъæрæби йæ иу цæст байгом кодта, фæлæ йæ разы Доттийы куы федта, уæд та йæ фæстæмæ æрыхгæдта. Фæдисмæ Псмахуæ æмæ Дзагъыло дæр уæлмæрдты дуарæй бакастысты. Хабар бамбæрстой æмæ Хъæрæбийы цæсгомыл дон бакалдтой. Лæг йæ цæстытæй ракаст.

– Хуыцауы тыххæй, Дотти, ды мæ фætæрсын кодтай, æви мæрдтæй исчи райгас?

– Уый æз уыдтæн, æз, æдылы къоппа, – æхсызгонæй сулæфыд Дотти.

– Омæ, ацы сау мигъы ам цы агурыс?

– Дæуæй, æвæццæгæн, ферох, комуадзæнтæ кæй сты, уый, – дзуапп ратта Дотти.

– Ау, æмæ кæд æнамонд бон нæ райгуырдтæ, уæд дæ ком уæлмæрдты уадзыс? – фæхъæр ыл кодта Хъæрæби, арахъхъы авгмæ бакаст, фелвæста йæ æмæ йæ ныддыввытт ласта, ай мæ марæг куы дæ, мæ куыдз дæ нуазæд абонæй фæстæмæ, зæгъгæ, æмæ хъæуы 'рдæм фæраст. Йæ фæстæ, худæгæй мæлгæ, фæраст сты Дотти, Псмахуæ æмæ Дзагъыло дæр.



**ХЪÆСТУАТЫ Булкъон**

## Хъазгæмхасæн

# Иу хатт ма космосы тыххæй

**Зонут, Юрий Гагарин космосы фыццаг хатт чи уыди, уыцы адæймаг нæу, фæлæ ма у, Зæхх фыццаг хатт чи бабæрæг кодта, ахæм адæймаг?**

❁❁❁

**– Дæ зæрдыл бадар, мæ лæппу, мах ацы зæххыл цæрæм, цæмæй кусгæ кæнæм! Зæгъ ма мын, куы байрæзай, уæд цæмæй кусдзынæ?**

**– Космонавтæй.**

❁❁❁

**Кæд Марсы цард ис, уæд уыцы цардæн бирæ рæстæг нал ис. Тагъд дзы фæзындзысты адæм...**

❁❁❁

**Адæймаджы иу хатт космосмæ арвыстой, æмæ йæ ныр уырдыгæй ратæрынæн амал нал ис.**

❁❁❁

**Сылгоймæгты хъуыдымæ гæсгæ, æппæты хуыздæр цардæмбал у космонавт: йæ мызд – бæрзонд, афæдзы 'рдæг вæййы командировкæйы, фæстæмæ кæй раздæхы, уый та æппæт бæстæ дæр фæзоны.**

❁❁❁

**NASA бауынаффæ кодта, Дональд Трампыл чи схъæлæс кодта, уыцы астронавты МКС-ы ныууадзын.**

❁❁❁

**Уæрæсейаг космонавттæ куыд зæгъынц, афтæмæй МКС-ы иллюминаторæй æнæ кæсæнцæстытæй фенæн ис Сечины мызд**

❁❁❁

**Космонавт Муса Манаров цыдæр æнахуыр каст бакодта космонавт Гречкомæ, станцæ «Мир»-ы хæлцы продукттæ куы фесты, уæд.**

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**



Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Тренерты зæрдæтæ барухс кодтой

**Дзæуджыхъæуы Андиаты Сосланы номыл уæгъдибар хъæбысхæсты Олимпиаг фæстауæрцгæнæн спортивон скъолайы 3-аг хатт арæзт æрцыд Уæрæсейы сгуыхт тренертæ Юрий ХАЧАТУРЯНЦ æмæ КЪОРАТЫ Тамерланы номыл турнир, хъæбысхæсты скъолайы фыццаг къахдзæфтæ чи кæны, уыцы 9-11-аздзыд лæппутæн. Уыдонæн сæ фылдæр тренировкæтæм цæуын райдыдтой 8-9-аздзыдæй.**



Юрий Хачатурянц æмæ Къораты Тамерлан, тренеры куыст кæнгæйæ, 50 азы бæрц фæкуыстой ахæм сывæллоны кары лæппутимæ. Бирæтæ дзы систы спорты мастертæ дæр. Уый тыххæй Юрий зæгъы: «Тренер сывæллоны кары хъомылгæнинæгтимæ куы куса, уæд фылдæр хъуамæ архайа раст фæндагыл сæ аразыныл. Кæй зæгъын æй хъæуы, хорз куыннæ у, дæ хъомылгæнинæгтæ стыр бынæттæ куы ахсой, уый, фæлæ уæддæр фыццагдæр хъуыды кæнын хъæуы, сæхи æгъдауджын æмæ куыстуарзонæй куыд æвдисой, ууыл. Мах тынг бузныг стæм нæ хъомылгæнинæгтæй. Ацы турнир дæр нæ номыл уыдон саразынц, сæхи хардзæй».

Къораты Тамерлан ма Юрийы ныхасмæ бафтыдта: «Сывæллæттимæ зæрдиагæй кусын адæймагæн йæхицæн цыма йе уæнгтæ фæрогдæр кæны, ахæм хорз æнкъарæнтæ йæм сæвзæры. Мæнæ та ныр дæр, æвзонг богæлттæм кæсгæйæ, цас хорз æнкъарæнтæ райстам, уый Хъуыцауы лæварау у. Мах тынг бузныг стæм, нæ раздæры хъомылгæнинæгтæ абоны сывæллæттæн ахæм хъæугæ ерыстæ кæй аразынц, уый тыххæй. Бузныг стæм Андиаты Сосланы номыл хъæбысхæсты скъолайы кусджытæй, сæ сæргъы Хъоцыты Георги, афтæмæй».

Ерыстæ рауадысты тынг зæрдæмæдзæугæ. Æвзонг богæлтты 'хсæн ныридæгæн бæрæг дарынц, æрдзæй рахæсгæ курдиат кæмæ ис, уыцы лæппутæ. Уыдоны цырд æмæ 'рхъуыдыджын архайд фенын уыди уæлдай æхсызгон.

Турниры цы 200 богалы архайдта, уыдонæн сæ фылдæр уыдысты Андиаты Сосланы номыл скъолайы хъомылгæнинæгтæ, фæлæ ма дзы уыдысты Республикон спортивон скъола, Алагиры, Рахизфарсы æмæ Горæтгæрон районты минæвæрттæ дæр.

Турниры 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 24 кг – Плиты Хетик (тренер – Плиты А.), 28 кг – Гæззаты Азæмæт (Плиты А.), 30 кг – Хетæгкаты Руслан (Хуыбецты К.), 32 кг – Плиты Бесик (Биазырты С., Наниты М.), 35 кг – Æлборты Артур (Хъæцмæзты Р.), 38 кг – Хъоцыты Хетæг (Хъайтмазты Р.), 41 кг – Ботъоты Астан (Санаты Г., Тезиты А.), 44 кг – Агънаты Игорь (Олисаты Д.), 48 кг – Дзарасаты Фидар (Хуыбецты Х. æмæ Хæдзарæгаты А.), 52 кг – Тамерлан Джабаров (Барсегян Г.), 57 кг – Годжысаты Георги (Хъоцыты В. æмæ Дзукъаты Г.), 57 кг+- Хуыгаты Алан (Биазырты М. æмæ Наниты М.).

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджын систы майдантæ, грамотæтæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй.

Турниры ерыстæ цы 13 уæзы цыдысты, уыдоны фæуæлахизуæвджытæн ма ерыстæ саразджытæ скодтой иу зынаргъ лæвар – велосипед. Уыцы приз кæмæ 'рхауа, уый бæрæггонд цыди, се 'хсæн хæлттæ сæппаргæйæ. Ацы ран йæ хал схауд 48 кг онг уæзы фæуæлахизуæвæг Дзарасаты Фидарæн!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Чиныджы презентаци

# Йæ цард – наукæимæ баст



**Æрæджы Дзæуджыхъæуы Абайты Васойы номыл Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты уыдис, историон наукæты доктор ЦЫБЫРТЫ Людвиг Абайты Васойы тыххæй цы 'ртыккаг чиныг рауагъта, «Мыслитель с путеводным даром», уый презентаци.**



Чиныгмæ хаст æрцыдысты, ахуыргонды тыххæй автор бирæ азты дæргъы цы къамтæ, документтæ æмæ фыстæджытæ йæхимæ æвæрдæй дары, уыцы æрмæджытæ иууылдæр. Презентацимæ æрбацыдысты: Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды сæрдар **Таболты Сергей**, РЦИ-Аланийы Æхсæнадон палатæйы сæрдар **Нина Чиплакова**, филологон наукæты доктор, профессор **Тахъазты Харум**, Ирыстоны адæмон поэт **Дзасохты Музафер**, «Аланты Ныхас»-ы сæрдар **Фриаты Хъазыбег**, нæ республикæйы хистæрты Советы сæрдар **Царахаты Саламджери**, æхсæнадон организациты минæвæрттæ æмæ наукон къабазы кусджытæ. Мадзал байгом кодта филологон наукæты доктор, профессор, уæлдæр амынд институты ирон æвзагзонынады хайады сæргълæууæг **Бесолты Еленæ**. Куыд загъта, афтæмæй нын автор хорз лæвар ракодта стыр ахуыргонды удыхъæд, зæрдæйы уаг æмæ йæ æгæрон фыдæбæтты тыххæй чиныгæй. Презентацийы фыццаг раныхас кодта чиныджы наукон редактор Цориты Ингæ æмæ радзырдта, уацмысмæ наукон цæстæй кæсын кæй нæ хъæуы, фæлæ хъæздыг у документалон æрмæджытæй, ирон адæмы культурон фарстатæ æмæ этногенезы фæдыл очерктæй.

Мадзалы архайджытæ раныхас кодтой, сæ хъуыдытæ загътой чиныджы фæдыл, фæлæ се 'ппæтæн дæр тынг цымыдисаг уыдысты Цыбырты Людвигæн йæхи мысинæгтæ:

– Сæрыстырæй мæ бон зæгъын у, ахæм стыр æмæ æвæджиауы ахуыргонд Абайты Васоимæ хорз зонгæ кæй уыдтæн, уый. Уыцы рæстæг мæ царды æппæты хуыздæр бонтыл нымайын. Æвзагзонынады Васойæн цы бирæ æнтыстдзинæдтæ бафтыд йæ къухы, уымæй уæлдай ма уыд историк дæр этногенезы наукæйы. Дыууæ Иры адæмты равзæрд æнгом бæтты этногенезимæ. Нæ мæ кæнынц рох нæ фембæлдтытæ дæр. Уарзта хуымæтæг уавæры цин æмæ хъæлдзæгдзинад. Тынг арæх-иу æрцыд Хуссар Ирыстонмæ фембæлыд-иу йе 'мкусджытæ æмæ цæрджытимæ, семæ-иу зæрдæбын ныхæстæ фæкодта, мæт æмæ сагъæс кодта сæ хъысмæтыл. Мæ чиныджы бацархайдтон равдисын Абайы-фырты, куыд ахуыргонд нæ, фæлæ хуымæтæг адæймаг, – дзырдта автор.

Æхсызгон æмæ цымыдисæй презентацийы архайджытæ байхъуыстой Тахъазты Харумы мысинæгтæм дæр. Профессор дзырдта, Васойы студент уæвгæйæ, йæ зæрдыл кæй бадардта, уыцы кæддæры цаутæ.

– Ахуыр кæнынæй не 'фсæстæн. Филологон факультет каст куы фæдæн, уæд та дарддæр аспирантурæмæ бацыдтæн. Уыцы рæстæг иу бынатмæ цыдыстæм цалдæр адæймагæй. Æмæ дзы кæд иунæг аспирант равзарын хъуыд, уæд Васо та не 'ртæ ироны дæр бакодта ахуырмæ. Йæ зæрдæ ныл дардта, ахуыры фæндагыл æвзагзонынады истæмæн сбæздзыстæм, уымæй. Æххуыстæ дæр нын кодта. Уыд ахæм рæстæджытæ, æмæ нæ улæфынмæ дæр арвыста, – дзырдта Тахъазты Харум.

Мадзалы уыдысты Абайты мыггаджы минæвæрттæ дæр æмæ уыдон дæр радзырдтой, сæ хистæртæй кæй фехъуыстой Васойы тыххæй, ахæм хабæрттæ. Чиныг «Мыслитель с путеводным даром»-æн йæ тираж кæд бирæ нæу, уæддæр ахъаззаджы хос уыдзæн библиотекæтæн. Кæй къухы нæ бафтыд, уымæн фадат ис библиотекæйы йæ райсын æмæ йæ зæрдиагæй бакæсынæн.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:**

9. Газеты, радиойы, телеуынынады кусæг. 10. Хъæууонхæдзарадон культур. 11. Æнæкъæдзил. 12. Дзыллæ, адæм. 15. Куыстгонд царм. 18. Тыл. 20. Хуыйæджы хомаг. 21. Хæрынæн бæзгæ хъæддаг зайæгой. 23. Токаты Асæхы пьесæ. 25. Гадзрахатæй цæуæг. 27. Хион, тугхæстæг. 28. Циндзинад. 31. Хæринаджы хъацæн. 32. Хъæу Мæздæджы районы. 35. Æнаххос. 37. Æхцайы бæрц. 38. Ирон адæмон сфæлдыстады Уациллайы фаззон чызджы ном. 40. Æрдзон фæзынд сæумæрайсом. 42. Дунейы хæйттæй иу. 45. Æрдæг. 49. Чъынды, æлгъин. 50. Бæлас.

**БЫНЫРДÆМ:**

1. Æфцæг хæхбæсты. 2. Хæрыны афон. 3. Нымæц. 4. Бирæ. 5. Стъалыгуппар Авд хойæ иуы ном. 6. Хайуанмæ æвзидæн. 7. Доны транспорт. 8. Гагадыргъ бæлас. 13. Хæрынæн бæзгæ хъæддаг зайæгой. 14. Буары хай. 16. Сакъадах Вьетнамы. 17. Тебæ. 19. Донхауæн. 22. Артаг. 24. Сугсæттæн къодах. 26. Хæдзары аивгæнæн дзаума. 29. Литературæйы хуыз. 30. Цыминаг нозт. 33. Зæххы къорийы алыварс. 34. Паддзахад Европæйы. 36. Африкæйаг паддзахады сæйраг горæт. 39. Уæлæдарæсæн зианхæссæг. 41. Дыууæ паддзахады 'хсæн бынат. 43. Хъыг. 44. Æргом дзырды... нæй (æмбисонд). 46. Мулкæй æфхæрд. 47. Фыдызгъæлæй конд тæтæйраг хæринаг. 48. Хъарм бæстæйы цæрæгой.

## Дзуаппытæ 16 майы мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 2. ... цæгатмæ. 5. Кæрвæдз. 9. Каис. 10. Сæнк. 11. Æмгусæг. 12. Идæдз. 15. Къухдарæн. 17. Цæст. 18. Гыгы. 19. Тæрс. 21. Хуын. 22. Рæстæмбæлæг. 24. Æнæсцух.

БЫНЫРДÆМ: 1. Фурд 1. Царв. 3. ... æмæ... . 4. Мад. 5. Кларæ. 6. Рæсугъд. 7. Æфсисад. 8. Зæнæг. 12. Ихуат. 13. Æрду. 14. Зарæг. 15. Къæзæнæг. 16. Ныгуылæн. 20. Сатана. 21. Хъæбул. 23. Мысы.

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ


**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**

**Сезонная, омолаживающая, формирующая и санитарная обрезка всех плодовых культур. Консультации по внесению конского перегноя. Работает профессионал! Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-956-90-83 (Руслан).**




**Хъодзаты бинонтæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат ХЪОДЗАТЫ Барисы фырт Цæрайы зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, уыцы æрцæуæг дзыллæйæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн цыппæрæмы, 28 майы, Джызæлы, Дадианаты уынджы 32-æм хæдзары.**


Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**



"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2753. Заказ № 531. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**